



**Miami-Dade County Public Schools**

*giving our students the world*

**Superintendent of Schools**  
Rudolph F. Crew, Ed.D.

**Miami-Dade County School Board**

Agustin J. Barrera, Chair  
Dr. Martin Karp, Vice Chair  
Renier Diaz de la Portilla  
Evelyn Langlieb Greer  
Perla Tabares Hantman  
Dr. Robert B. Ingram  
Ana Rivas Logan  
Dr. Marta Pérez  
Dr. Solomon C. Stinson

23 oktòb 2007

Chè Paran/Gadyen:

Akoz kantite rapò ki soti nan medya yo, Distri a te resevwa plizyè demand konsènan enfeksyon “Methicillin-Resistant Staphylococcus Aureus (MRSA)” a. Anplwaye Distri yo kenbe yon kontak san lage ak Depatman Sante Miami-Dade County, ajans ki responsab pou sante piblik la, konsènan MRSA e li te voye enfòmasyon bay tout direktè ak direktis espò yo konsènan transmisyon ak prevansyon enfeksyon an. Yo te avize anplwaye yo pou yo rete vijilan nan pwosedi netwayaj ak sanitasyon.

Si w gen kesyon espesifik konsènan MRSA, silvouplè konsilte doktè w. Lyen “Comprehensive Health Services” (Sèvis Sante Konpreyansif) sou Entènèt Distri a ki se [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net) gen plis enfòmasyon sou lave men ak enfòmasyon jeneral konsènan prevansyon grip ak viris grip.

Lekòl Leta Miami-Dade County kenbe angajman pou l bay yon anviwonman ki ansekirite pou tout elèv, pwofesè ak anplwaye. Direktè yo trè fèm nan mande elèv, pwofesè, ak anplwaye yo pou yo ekzèse bonjan ijyèn tankou lave men yo souvan, pa pataje zafè pèsònèl yo, ak kouvri blesi avèk bandaj ki apwopriye. Bagay sa yo se fason ki pi efikas pou anpeche jèm yo gaye nan lekòl yo oubyen nan fanmi yo. Mwen mande pou nou ede nan diskite enfòmasyon yo bay nan lèt sa a ak timoun ou yo pou yo kab jwe yon wòl aktif nan prevansyon ak transmisyon jèm yo nan anviwonman lekòl la.

Sensèman,

Rudolph F. Crew, Ed.D.  
Sipèentandan Lekòl yo

RFC:mf:rl  
L610

cc: Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo